

MDHHS Emèt yon Lòd ki Egzije Fè Tès pou Anplwaye Agrikòl ak Anplwaye Transfòmasyon Manje yo pou Pwoteje Sante ak Sekirite Travayè yo, Kominote a

POU PIBLIKASYON IMEDYA

3 out 2020

Kontak: Lynn Sutfin, 517-241-2112

LANSING, MICHIGAN. Direktè Depatman Sante ak Sèvis Moun Michigan (MDHHS) Robert Gordon emèt yon **Lòd Ijans** ki egzije fè tès COVID-19 pou anplwaye agrikòl ak anplwaye transfòmasyon manje. Lòd la fè Michigan devni yon lidè nasyonal nan pwoteksyon sekirite parapò a COVID-19 pou travayè agrikòl ak travayè migran, pandan li apiye sou Lòd Egzekitif Gouvènè Gretchen Whitmer yo ki egzije mezi sekirite nan lye travay nan izin transfòmasyon vyann ak bèt volay ak lojman ki gen sekirite pou travayè migran ki pozitif a COVID yo.

Gordon di konsa: “Gason ak fanm ki ap travay nan jaden nou yo ak izin transfòmasyon manje nou yo, yo gen yon risk espesyal parapò a COVID-19, epi yo bezwen e yo merite pwoteksyon”. “Lòd jodi a pral ede redui pwopagasyon (simayay) COVID nan kominote yo atravè Michigan epi redui enpak dispwopòsyone pandemi an sou Latino yo”.

Nan semèn ki sot pase yo, te gen 11 flanbe ki te idantifye nan fèm yo ak izin transfòmasyon manje yo nan Michigan. Anplis de sa, Latino yo konstitiye 5 pousan popilasyon Michigan, men yo reprezante 11 pousan nan ka COVID kote etnisite (gwoup etnik) moun yo idantifye.

Lòd la egzije pou operatè kan lojman migran yo founi tès COVID-19 jan nou pral di la a:

- Tès liy debaz yon sèl fwa sou tout rezidan ki gen laj 18 an e plis.
- Tès tout nouvo rezidan yo 48 èdtan apre yo rive, avèk lojman apa pou rezidan ki fenk rive yo pandan 14 jou epi yon dezyèm tès 10 – 14 jou apre yo rive.
- Tès kèlkeswa rezidan ki gen senptom oubyen ki te ekspoze.

Patwon travayè migran oswa travayè sezònye yo, enstalasyon transfòmasyon vyann, bèt volay ak ze yo, ak patwon sè (greenhouses) ki gen plis pase 20 anplwaye sou yon sit (nan yon espas) nan menm moman an, yo dwe founi tès COVID-19 jan nou pral di la a:

- Tès liy debaz yon sèl fwa sou tout travayè yo.
- Tès tout nouvo travayè yo anvan kèlkeswa travay an pèsòn.
- Tès kèlkeswa travayè ki gen senptom oubyen ki te ekspoze.

Gordon di konsa: “Depatman an pral travay avèk patwon yo ak operatè lojman yo pou asire ke yo fè rapò sou done tèl yo ak aksè a PPE yo (ekipman pwoteksyon endividyèl yo) nan bon moman an pou ansanm nou kapab anpeche viris la pwopaje (simaye) pi plis”.

Gary McDowell, ki se direktè Depatman Agrikilti ak Devlopman Riral Michigan, li di konsa: “Garanti sante ak sekirite travayè manje ak agrikilti esansyèl Michigan yo, se yon bagay ki enpòtan anpil pou fè chèn apwovizyonman manje nou an kontinye avanse”. “Travayè sa a yo se pèsònèl premye liy nou an ki se yon pati ki enpòtan anpil nan pote manje nou yo soti nan fèm yo pou rive nan asyèt yo”.

John Cakmakci, prezidan UFCW Local 951, di konsa: “Li enpòtan anpil pou nou kenbe travayè nou yo ak fanmi ki nan endistri manje ak agrikilti a an sekirite e an sante”. “Mwen bat bravo pou Direktè Gordon ak Direktè McDowell pou efò yo fè pou pwoteje moun Michigan ak ekonomi nou an”.

Patwon yo ak operatè lojman yo, yo dwe konplete yon **plan** dis 10 out sou kijan yo pral fè tèl an konfòmite avèk lòd sa a. Konplete tèl liy debaz yo ak egzekisyon tèl san rete, se yon bagay ki obligatwa pa pita ke 24 out.

Patwon yo ak operatè lojman yo, yo gen plizyè opsyon pou konplete tèl ki egzije yo, enkli kontra avèk yon founisè medikal, founisè sante nan travay oswa laboratwa pou fè òganize yon pwogram tèl; mande **èd leta** pou fè tèl; oswa itilize resous pou fè tèl nan tout kominote a. Eta a pral bay patwon yo ak operatè lojman yo sipò pou yo fè tèl jan kapasite li pèmèt sa epi ede enstalasyon yo nan idantifye lòt sous kapasite pou fè tèl lè sa nesesè.

MDHHS te pibliye tou yon **dokiman direktiv** pou patwon yo ki bay enfòmasyon etap-pa-etap sou kijan patwon yo kapab konplete tèl yo e ki mete anveidans resous tankou finansman sibvansyon ak kouvèti asirans pa lentèmedyè Medicaid ki kapab bay sipò finansye pou tèl yo.

Rezidan ki pozitif a COVID e ki ekspozè yo ta oblije ann izolman oswa an karantèn jiskaske yo satisfè kritè pou retounen-nan-travay ke Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo etabli. MDHHS pral fè patenarya avèk Ajans Aksyon Kominotè yo nan kominote ki afekte yo pou bay manje, lojman, ak sipò ekonomik pou travayè ki pèdi revni akòz tèl yo.

Si ou pa respekte lòd sa a, sa ka lakòz yo fè ou peye yon amand (civil monetary penalty) anba otorite MCL 333.2262.

Enfòmasyon konsènan flanbe sa a, yo chanje rapidman. Dènye enfòmasyon yo disponib nan **[Michigan.gov/Coronavirus](https://www.michigan.gov/Coronavirus)** ak **[CDC.gov/Coronavirus](https://www.cdc.gov/Coronavirus)** .